


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa gambaran umum panalungtikan nu baris dilaksanakeun. Desain panalungtikan diébréhkeun dina wangu bagan tahap panalungtikan nu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Ieu desain panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap.

Bagan 3.1
Bagan Desain Panalungtikan



3.2 Métode Panalungtikan

Nurutkeun Ratna (2013, kc. 34) métode mangrupa cara-cara, stratégi pikeun maham kana réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun ngaguar runtuyan sabab-

Erin Irtanti, 2014

Kajian psikoanalisis kana novel sabalakana karya Dadan Sutisna

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

akibat. Métode panalungtikan mangrupa cara pikeun nyangkem pangaweruh atawa data ngeunaan objék nu tangtu luyu jeung kaayan objék tilikan nu diguar dina tiori pikeun kaperluan panalungtikan.

Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analisis. Métode déskriptif analisis mangrupa métode nu ngadéskripsiun fakta-fakta, nu tujuanana pikeun nyangkem unsur-unsurna, tuluy dianalisis. Ieu métode nyoko kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif ngamangpaatkeun cara-cara napsirkeun jeung ngahasilkeun data-data dina wangun déskripsi atawa kekecapan tinulis.

3.3 Wangenan Operasional

Dina prakna panalungtikan, diperlukeun keterangan anu jéntré ngeunaan istilah-istilah anu dipaké, hususna kekecapan anu dipaké dina ieu judul panalungtikan. Di handap ieu mangrupa tapsiran harti tina istilah-istilah dina judul panalungtikan.

1) Psikoanalisis

Psikoanalisis mangrupa wangun kritik sastra nu maké sajumlah téhnik psikoanalisis dina nafsirkeun sastra. Psikoanalisis sorangan mangrupa wangun terapi nu tujuanana pikeun nyageurkeun gangguan méntal ku cara maluruh jeung niténan interaksi antara unsur-unsur sadar jeung teu sadar dina jero pikiran

2) Novel

Novel nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa *plot*-na kompléks (ngarancabang). (Iskandarwassid,1992, kc. 91)


3) *Sabalakana*

Sabalakana mangrupa novel nu asup nominasi Hadiah Sastra Rancagé 2014 karya Dadan Sutisna. Dipedalkeun ku Pustaka Jaya taun 2013.Nurutkeun kamus Sunda

R.A. Danadibrata (2006, kc.), sabalakana asalna tina kecap balaka, nu hartina ngaku kasalahan sorangan, jujur terus terang. *Sabalakana* nyaritakeun wabah kajujuran kana sagala rusiah.

3.4 Instrumén Panalungtikan


Instrumén nya éta pakakas nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 192). Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta slip data, sangkan babari dina ngumpulkeun data panalungtikan.



3.5 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan nya éta subjék asal (ti mana) data dicokot. Upama panalungtikan téh make dokuméntasi, dokumén mangrupa sumber data, ari eusi dokumén disebut subjék panalungtikan atawa variabel panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 172). Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novel Sabalakana karya Dadan Sutisna.

3.5.1 Déskripsi Novel



Gambar 3.1 Cover Novel *Sabalakana*

Novel *Sabalakana* karya Dadan Sutisna mangrupa karya sastra nu asup nominasi Hadiah Sastra Rancagé 2014. Dipedalkeun ku Pustaka Jaya, citakan kahiji taun 2013. Ukuranana 15 x 20,5 cm, kandelna 344 kaca nu ngawengku 19 bab. Bab ka-1 ngawengku 25 kaca, bab ka-2 ngawengku 19 kaca, bab ka-3 ngawengku 17 kaca, bab ka-4 ngawengku 20 kaca, bab ka-5 ngawengku 17 kaca, bab ka-6 ngawengku 18 kaca, bab ka-7 ngawengku 14 kaca, bab ka-8 ngawengku 19 kaca, bab ka-9 ngawengku 16 kaca, bab ka-10 ngawengku 19 kaca, bab ka-11 ngawengku 15 kaca, bab ka-12 ngawengku 18 kaca, bab ka-13 ngawengku 18 kaca, bab ka-14 ngawengku 20 kaca, bab ka-15 ngawengku 17 kaca, bab ka-16 ngawengku 20 kaca,

Erin Irtanti, 2014

Kajian psikoanalisis kana novel *sabalakana* karya Dadan Sutisna
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

bab ka-17 ngawengku 13 kaca, bab ka-18 ngawengku 20 kaca, jeung bab ka-19 nu ngawengku 13 kaca.

Désain jilid atawa coverna ogé mangrupa hasil karancagéan Dadan Sutisna. Dina jilid hareupna katémbong aya gambaran siluét hiji wanoja sawawa nu neuteup anteb kana palebah panon poé nu cahyana méh surup. Di sabudeureunana ogé kagambar layung, siluét tatangkalan nu jangkung, sarta gambaran siluét tatangkalan nu teu pati jangkung. Warna dasar désain jilidna loba didominasi ku warna poék saperti hideung, sarta warna layung - konéng gedang jeung konéng. Di sisi handap cover nu latarna warna hideung aya tulisan *Sabalakana*, minangka judul novélna. Ditulis maké *font* warna bodas jeung *font type* nu teu biasa, saperti tulisan nu geus heubeul, sawaréhna kahapus, sarta aya gurat-gurat nu nambahán éstética tulisanana. Di handapeun tulisan *Sabalakana* aya tulisan “Novél Sunda” minangka wangun karya sastra. Di handapeunna aya ngaran pangarangna, Dadan Sutisna, belah handapna deui aya ngaran penerbitna, Pustaka Jaya, nu ditulis maké *font* warna beureum. Dina jilid tukang aya gambaran tatangkalan saperti di leuweung ngan teu pati jelas kacirina. Sempalan sinopsis caritana jadi atra katingalina, sabab warnana kontras. Tulisan judul dina jilidna, siluét wanoja, jeung dominasi warnana nu poék siga nu hayang némbongkeun kesan mistis jeung rasa tunggara.

Saperti nu ditétélakeun ku Andriansyah (2014, kc. 28) *Sabalakana* mangrupa novel nu némbongkeun rasa marudah dina nyanghareupan ‘carut-marut’ kaayaan sosial-budaya bangsa Indonesia. Ditulis maké gaya nyarita nu has ti pangarangna nu ditarung ku humor, intrik, jeung satir. Ngagambankeun fénoména sosial nu kompléks; kamalaratan, modérnisasi, apatis, pangangguran, ‘kekerasan’, sarta krisis kapercayaan ka pamingpin.

Sabalakana nyaritakeun wabah kajujuran tina betusna sagala rusiah. Caritana dimimitian sabada tokoh Rastiti ditémbak di kamar cai dina peuting saméméh

panganténan, nu némbakna (Asép Jitu) tuluy masrahkeun manéh ka pulisi, ti dinya timbul kaahéngan di Désa Cikawening. Puluhan jalma katerap wabah sabalakana. Nu katerap wabah sabalakana kalayan jujur ngabetuskeun rusiah kagoréngan dirina. Timbul rupa-rupa réspon ti nu séjén kana ‘pernyataan’ kajujuran. Ngarah wabah teu sumebar, nu katerap wabah sabalakana (disebut kaum Balakasontang) tuluy dikarantina di tempat husus (Balé Sagala). Kaum Balakasontang baruntak sabada ngalaman karacunan, kalaparan, aya ngagantung manéh, jeung kajadian tragis séjenna.

3.5.2 Biografi Singget Pangarang

Dadan Sutisna dibabarkeun di Pasirloa, Tanjungsari, Sumedang, 22 Pébruari 1978. Anjeunna mimiti ngarang ti SMP kénéh, tapi ngamimitian ngirimkeun tulisanana ka média massa mah basa anjeunna di SMA, taun 1995. Karanganana nu dimuat dina kalawarta *Kudjang*, *Galura* jeung *Manglé* mangrupa carita pondok jeung carita nyambung. Lolobana mah nulis carpon, tapi anjeunna ogé nulis novel, drama Sunda, *feature* artikel, nu dimuat dina *Manglé*, *Galura*, *Cupumanik*, *Pikiran Rakayat*, *Kompas*, *Républika*, jsté. Anjeunna ogé remen nulis carita barudak, pangpangna dina *Manglé Alit* jeung *Mupu Kembang Galura* (1996-2000). Kiwari anjeunna ogé sok nulis fiksimini.

Karyana nu geus dibukukeun diantarana *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* (Kiblat Buku Utama, Bandung, 2001), *Misteri Haur Geulis* (Kiblat Buku Utama, Bandung, 2003), *Campaka Mangkak*, antologi carpon (Kiblat Buku Utama, Bandung, 2004), *Kanagan*, antologi carpon (Geger Sunten, Bandung, 2004), *Surat Cinta Pangarang Sunda* (Kiblat Buku Utama, Bandung, 2004), *Dén Réktor* (Djatnika, Bandung, 2001), *Ukur Banyol* (PT. Manglé Panglipur, Bandung, 2000), *Belajar Mudah Menggunakan Internet* (Cipta Utama Press, Bandung, 2007), *7 Langkah Mudah Menjadi Webmaster* (Mediakita, Jakarta, 2007), *Internét untuk Pendidikan* (2010)

Anjeunna kungsi jadi Pinunjul Harepan Pasanggiri Carita Pondok D. K. Ardiwinata (1997), Pinunjul Harepan Pasanggiri Novel D. K. Ardiwinata (1999), Pinunjul 1 Carita Rakyat Jabar, tulisananana “Purnama di Maronggé” (2000). Taun 2002, 2004, jeung 2011 diléléh hadiah Samsoedi ti Yayasan Kebudayaan Rancagé pikeun buku bacaan barudak *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* (Djatnika, 2001), *Misteri Haur Geulis* (Kiblat, 2003), jeung *Rasiah Kodeu Binér* (Kiblat, 2010). Taun 2003 anjeunna ogé kungsi meunang Hadiah Sastra LBSS jeung Hadiah Jurnalistik Moh. Koerdi. Anjeunna resep uprak-oprék kana komputer, pangpangna mah ngadésain internét. Wébsite nu munggaran, Longsér: A Sundanese Folk Theatre, kapilih jadi finalis dina Adikarya Désain Indonésia 2003.

Taun 2008, anjeunna milu jadi tim nu marajian gelarna *Unicode Aksara Sunda*, minangka tarékah pikeun maténkeun éksisténsi aksara Sunda di tingkat Internasional nepi ka aksara Sunda jadi salahahiji aksara standar nu bisa dipaké dina komputer jeung dunya téknologi informasi. Ti taun 2002 anjeunna aktif dina organisasi Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (PP-SS). Di PP-SS anjeunna kapeto jadi pupuhu sarta kuncén wéb-site ppss.or.id. Anjeunna kungsi jadi wartawan *Manglé*. Kiwari sapopoéna jadi rédaktur majalah basa Sunda *Cupumanik* jeung éditor di Penerbit Kiblat Buku Utama.

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa cara atawa prosedur nu kudu dilakonan kalawan make métode nu tangtu anu satemenna bisa ngahontal kana tujuan panalungtikan. Téhnik dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik nganalisis data.

3.6.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka. Ieu téhnik dipaké nalika ngumpulkeun data nu baris dianalisis jeung nalika néangan sumber rujukan tiori atawa acuan dina ieu panalungtikan.

3.6.2 Téhnik Nganalisis Data

Data nu ditalungtik nya éta novel *Sabalakana* karya Dadan Sutisna. Sabada data kakumpul, tuluy dianalisis kalawan léngkah-léngkah atawa tahapan téhnik ngolah data sakumaha nu ditétélakeun di handap ieu.

1) Tahap Klasifikasi

Sabada eusi carita novel didéskripsiéun dina wangu sinopsis, tuluy diklasifikasikeun dumasar unsur caritana (nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita) nu baris dianalisis.

2) Tahap Analisis

Tahap analisis mangrupa tahap analisis kana data anu geus diklasifikasikeun kana kelompokna sewing-séwangan. Dina ieu panalungtikan, novel *Sabalakana* dianalisis unsur prosana nu ngawengku téma, fakta carita jeung sarana carita. Analisis leuwih nyoko kana tokoh jeung penokohan patali jeung perkara nu rék dikaji nya éta psikoanalisis. Modél analisis nu dipaké nya maké analisis struktural (Isnendes, 2010, kc. 139-193) dina *Kajian Sastra*.

3) Tahap Deskripsi

Data nu geus dikumpulkeun tuluy dipatalikeun jeung masalah nu rék ditalungtik tuluy didéskripsiéun.. Dina ieu panalungtikan nu mimiti didéskripsiéun nya éta eusi carita novel *Sabalakana* nu ditulis dina wangu sinopsis.

4) Interprétasi

Tahap interprétsi mangrupa tahap napsirkeun hasil data pikeun ngolah pamahaman nu luyu jeung tujuan panalungtikan. Tahap interprétsi dina ieu panalungtikan nya éta napsirkeun data nu diébréhkeun dina slip data anu némbongkeun indikator psikoanalisis.

5) Tahap Évaluasi

Tahap évaluasi mangrupa tahap niténan deui kana hasil analisis data pikeun ngamutolaah bebeneranana nepi ka bisa méré hsil nu nyugemakeun tur bisa dipertanggungjawabkeun.